КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ нобэ илъэси 100 ирокъу

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРПАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№210 (23.618) • 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 1, бэрэжьей • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ хеящІэ органхэмрэ 2017 гъэм и мазипщІым зэрылэжьам кърикІуахэм щыхэплъэжащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІа зэІущІэм

КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ къарузехьэ, хабзэхъумэ, хеящІэ, кІэлъыплъакІуэ, къэпщытакІуэ органхэм я унафэщІхэр зыхэта, илъэсым зэрыщІидзэрэ блэкІа мазипщІым зэфІагъэкІахэм кърикІуахэр щыхэхалъхьэжа зэІущІэ.

АБЫ щытепсэлъыхьащ щІэпхъаджагъэу ялэжьыр, республикэм и гъэзагъэм къыщыхъу насыпышагъэхэр дяпэкІи гъэмэщІэным, наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэгъэкІуэкІыным, налог хабзэхэр къыщызэпаудэ къэмыгъэхъуным пыщІа, нэгъуэщІ Іэхухэмри.

Я нэІэ щІэт Іэнатіэхэм щыщыІэ щытыкІэхэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Махуэ А. Л., къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ Ромашкин И. К., УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Устэ В. Хъ., УФ-м Шынагъэшагъэмкіэ и кІулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Воронин С. В., КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Ташу М. З., КъБР-м и Арбитраж Судым и унафэщІ Кьуэдзокъуэ З. Б., Суд приставхэм я федеральнэ Іэхуэщ Іапіэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Танэ Э. Б., Федеральнэ налог кІулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ КІэраф М. А., «УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэ» федеральнэ кьэрал кІэзонэ Іэхуэщіапіэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Боб-ров Д. А., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Чёрный М. В. сымэ.

ЗэІущІэм къыщыхалъхьащ цІыхухэм лэжьыгъэкІэ яІэ хуитыныгъэхэр къаухэзэгъэпэщыным хэхауэ я нэІэ трагъэтыну, республикэм щыпсэуэхэм зыкъызэрыхуагъаззэкэмрэ я тхъэусыхафэхэмрэ ящыІэныгъэкІэ унафэ пыухыкІа тращІыхьыну, мылъкым пыщІа щІэпхъаджагъэу ялэжьхэр, апхуэдэкэр щІэпхъаджагъэ псоми я процент 46-м щІегъу, зэхагъэкІыну.

Щыналъэм и Унафэщім къыхигъащхьэхуКІащ къэрал кІулыкъущІэхэм, абыхэм хабзэхъумэ Іэнатіэхэм пэрытхэри яхэту, Іулъхьэм пыщІа щІэпхъаджагъэу ялэжьыр кІыщІэгъэщыным гулъытэ хэха хуащІын зэрыхуейр. «Абы икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыныволъэІу апхуэдэ дэтхэнэ къэхъукъащІэми теухуа хъыбарыр икІэщыІпіэкІэ сыыгъэщІэну», - къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу кІигъэлъэгъуащ щІэпхъаджагъэхэм япыщІа Іуэхухэр тэмэму зэхэгъэкІынырэ. «Зэхэзэрыхьа щІэпхъаджагъэхэр щыІэщ, ауэ къэхъуар щынэрылъагъум деж, икІэщыпіэкІэ унафэ тещІыхьауэ, Іуэхур судым егъэзыхьын хуейщ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ экстремист, террорист шынагъэр дяпэкІи гъэмэщІэным пыщІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Хъуэхъу телеграммэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. деж

Пщіэ зыхуэтщІ Юрий Александр и къуэ!

Адыгэ Республикэм лъэпкъ куэду зэхэт и цІыхубэм кьабгъэдэкІыуи си щхьэкІи Уэри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу псоми сынывохъуэхъу мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэмкІэ - КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ Кулиев Къайсын Шууа и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъумкІэ!

Кулиев Къайсын бгъэдэлъа зэчийм, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм зихуэдэ щымыІэ я щэнхабзэ бейр хъумэнымрэ ар гъэбэгъуэнымрэ жыджэру яужь ит жылагъуэ лэжьакІуэхуэу зэрыщытам мыхьэнэшхуэ яІащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ литературэм зиужьынымкІэ икІи къэралым лъэпкъ куэду зэхэт и литературэм и тхыдэм хэлъхьэныгъэшхуи хуэхъуащ.

Автурым философие купщІэшхуэ зыІэпэ и усыгъэхэу и щыгум хуиІэ лъагъуныгъэшхуэмкІэ псыхьакэр хамэ къэралхэм щыпсэу куэдми гунэс ящыхъуащ икІи дунейпсо литературэми увыпІэфІ дыдэ кьащыІпыІсащ.

Кулиев Къайсын Шууа и къуэм и псэкупсэ къулеягъыр, бгъэдэлъа зэчиишхуэмрэ къызыхэкІа балъкъэр лъэпкъым зэрыхуэпэжамрэ абы и хэкуэгъуэкэр игъащІэкІэ зэрыгушхуэну щапхъэу къахуэнащ.

Кулиев Къайсын и усыгъэ щІэин къулей дыдэр Кавказ Ищхъэрэмрэ къэралымрэ я лъэпкъ литературэхэм хуэлажьэхэм я творчествэм и къыгъэхуапІэ лъэщу, Урысейм и лъэпкъэр щэнхабзэм нэхъри куууэ щызэдэлэжьэным къыхуриджэу, дяпэкІи зэрыщытынум шэч кьытесхьэркъым.

Мы махуэ лъапІэм си гум къыбгъэдэкІыу Уэри, пщІэ зыхуэсщІ Юрий Александр и къуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми сынывохъуэхъу зэІуэзэпещыгъэ фиІэну, фІыгъуэ фыщымыщІэну, сыт хуэдэ Іуэхуми ехъулІэныгъэхэр къыщыфхьыну!

Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **КЪУМПІЫЛ Мурат.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Ингушэ Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсымрэ зэрызэдалэжьэныр техуха зэгурыІуэныгъэ зэрызэращыкІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Ингушэ Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсымрэ зэрызэдалэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ зэрызэращыкІэм арэзы техьуэн.

2. Мы Унафэр Ингушэ Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм яхуеГъэхьан, абы щыгъуазэ защІын папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м
№774-П-П

Уафэ гъейрэтурэ гъадэ тезыр

«Іэгу пІанэкІэ щыблапцІэр щигъэкІэсым Лъэхъуэщхэр зэтещахэрт зы кІэгъуасэу, ар щытхэкІэ...»

Зы шабзэпс шэщІыгъуэу илъэта а жыІэгъуэ кІэщІым эзи нахуэмыжьыІыс Бетховен закъуащэм и макъамэ тхытхыр кьрипІуэтэн папщІэ... Къайсыну укъалъхун хуейтэкъэ!

Апхуэдэу е ар кьикІыу мэгупсысэ мы дунейр пІалъэ кІэщІкІэ увыІэпІэ зыхуэхъуауэ макъамэрэ усэрэ зыхэзыщІэкэр. ИтІани, «Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ» жызыІа лъэпкъ Іущыгъэм пагъэтІылъыфа щыІэ? НтІэ, мис а лъагъуэ арагъэнщ поорэ кьыздыщежьэр; нэхъ тэмэму жыпІамэ, ар кьыздикІ вагъуэр. Апхуэдэ лъахэр нахуэу хьэрщ джащІэм щымыІэгъатэмэ, макъами усыгъи кьыптлъэІэсынтэкъым. Къайсын хуэдэкэр кьыздыт-хуэхэІа икІи здытфІыхьыхьажа а вагъуэ мыцІыхуэхэм, дауи, щыхэгъэрейт бгъырысым усэбзкІэ апхуэдизу игъэлъэпІа Пушкиныжрэ Лоркэрэ, апхуэдизу игъэфІа Бетховенрэ Шопенрэ. ЗэгъуэкІыу щхьэхуэщ Къайсын хуэдэхэм я лъэсльагъуэ кІуапІэр. Зэхуакуи кутІи зымыщІэ а гъадэ зэпылъыпІэхэм закъуэтІакъуэкэр пэрыуэнщэу щыІзэблокІ. ЛъэныкъуитІри зэдагъэщэрыуэу, дунеитІри зэдайуэ щопэкІу. Гъуэгущхьэ плъыру гъадэ зэпылъыпІэхэм щыуСэныр апхуэдэхэм я тезыр пІалъэнщэщ. Сытыр ягъэвыжрэ-тІэ я щІакІуэ къуащІэ лІащІыгъуэ жьапщэм хилъасэу тщхьэщылъэт усэхэм - Къайсын и усэхэм?

Пшыналъэ лантІэр уафэхъуэпскІыу хэльдыкІ пэтми, зэи щІэпхъуэу жакъуэркъым усакІуэм и гупсысэ щэныр. МыпІащІэрэ выгу теплъэу мэкІуатэ абы и дуней зэхэщІыкІыр, кІуатэурэ мэусэ абы и дунеипсэр. Гублащхьэм дэсыр зэм щатэу къуршхэм яхоплъызэ, зэми уафэм дзапэ уэрэд иреупсей. ГъащІэрщ а выгу зэщІэщІар.

Сыт хуэдэ хьэвкъуэ усэм имыгъэшми, выхэр кьыхэмыщІыкІыу макІуэ. Зиущэхуарэ гъейрэт уэрэдым ирищІэкІыжу кьыщІодэІу уафэри. Зэхихри? Усэ!

... Мес, гъатхэ пщэдджьыжьу щІалэ цІыкІу чышым мэшэс. Шы джабэр чы цІынэ щхъуантІэкІэ щІихулыкІыуэр ар докІ Безенгиищхьэ. Абы кьелъхьхуэ зи пащІэ-жьакІэм уэс сытхъур пыщэтурэ щыхупІэ нэзкІэ кІуа адэм и лъэужь. ШымыгъэтыхъхэкІэ, кьурш нэщІащэм иткІухьа уэснэпс жабзэм ирощІыпри, анэм и щІалэгъуэ сурэту абы кьишащІ (кьыр блын дурэшхэм щыгъуэщар) уэрэд кІэлъыжиІэурэ егъэкІуэтэж. ДаІуэурэ, сабий гъы макъыр и гъуазэу, усэр мэлъатэ. Уафэгъагъуэ уэшхым игъэшнауэ бгъэунщІагъым зыщцызыудыгъу цІыкІум игу щІэгъуу Іуоплъэри погуфІыкІ! И мыгъуагъэри щыгъупщэжауэ а цІыкІум бгъафэкІэ егъэхуэбэж щІыІэр зэпхъуа щынэ псыф. ПыгуфІыкІыурэ гъуэгу здытехьэжым усэм зэжех псыежжьым и шкІуІыпхьэр. Игу пижыурэ усакІуэм егъэв уэщым хиупща жыгым и уІэгъэ. А жыгыр гызыжу щыим щыгъуеІуриекІэ, абы и щІыщІым къыпэтхьэджэу зыщІыпІэкІэ къоІукІ лъхугъэм зэпигъэз цІыхубзым и щэІу. Зеущэжу гублащхьэдэсым и дзапэ уэрэдми...

...Мэплъыз гублащхьэм дэсыр. Усэрщи, зей къудамэ гъагъэу зыщыщІишиикІкІэ, абы и Іупэжкм хъопэщэщ щхьэмыжь дыщафэм и шыпэ нэбжьыщыр. ПІэщІэжу йопъэт усэри, щхьэмыжьми псэгъэнщІыгъуэ хуимыгъуэт щыкІэ, псыщхь джафэм толыдыкІ бгъэжькеІ кьуэлэным и тхыцІэ пщІыпщІыр! А хъуэпскІар къигъэуІэбжьыжу жыжьэм кьыщопхьэз анэм и псысэ-уэрэдыр: «Мыщэ шырхэр толъкъуным зыІурелъафэ...» Анэ куэщІым нэкІыкІэ зыхъэзыІубам и псэм толъкъун сыджу зыщІришиикІкІэ - пэ кІуэцІым дахащІэу кьоэзрыхь щІакІуэ псыІэм и мэфІэІыр. Усэпсэр хунэскъркъым а мэм и гуакІуэм зыщІтІыжьын - напІэзыпІэм къокІыщтэ псыкъуий гъужам и тхъэусыхафэр.

А тхъэусыхэм джалъэу кьыпокІий псэхэкІыныгъэ макъым Іупльа шы къарэм и щыщыр.

...Зикъунтхъыжрэ мэуфэразэ Къайсын и усэр! Арщхьэкіэ къаскІэркъым гъэзгуанэ кІэнщэр зыхухаха выгур. Кьурш щхьэлым и ужьгъэ дэгум щІэдэІуурэ псэр аргуэру мэгуфІэж. МакІуэ выхэри. Уоу, куэдыщэ щІауэ гъуэгу тетщ а выгур! ПІэщІыгъуэкэр ешуурэ я напІэ ирахьэхьжри йокІуэт. ПІащІэркъым выхэр. Нэхущхэр кьыззащоури, уэсэпсыр кьыззыпагъэщэщ. МэкІуатэ выгур. Пшапэ гъуэгуэр щхьэукъуэурэ мазэ пшэкІухьым хоумэзыхьыж. МакІуэ выхэр.

УсакІуэр аргуэру гузэвгъуэ гуэрым допыІэ. Сыт ар? Е-е-ей! Месри, топ пэщхъыным иплъэурэ лъэхъэнэр зауэ губгъуэ йощхьэрыуэ. Мес, быдзышэ гъэткІугъуэ имыхуа щІалэщІэм зеупщІри, и Іэплі тІэкІур ущІарэ езыр гуузщІу мэдий. Гублащхьэдэсыр щатэу, кІэлъолпІ а щІалэщІэр зэи зыІумыплъэжыну нысащІэм; щыму хоплъызэ абы кьимыпсэуну гъатхэхэм. Аргуэру дзапэ уэрэдыр ирешажьэ.

А уэрэдри игъэпІащІэу мэкъырт Къайсын и усэбзэр: «Хьэфизу сыкъыумыгъэщІат!» Лъэтхьэмпэхэр уфІыщІыжауэ, мес, Гуауэр лъахэм йохьэ. Ар щепсыка жьэгухэр мафІэнщэу мэужьых. Ар щІэпсыкІуа бжьэпэхэм усэр хьэчэу ящхьэщохьэ. КІуэдыпІэ ираша ПІакъуэм ІэлъыщІэуэр уэрэд-гъыбзэр зэкуэфэуэжу Шэджэмыщхьэ щхьэщохьэ.

Апхуэдэ гъыбзэм къыфІолІыкІ къурш джэрпэджэжхэр. Апхуэдэ усэм доуфэразэ лъахэ жьыджалэхэр. Уэрэд-гъыбзэр, зиІэтурэ, кьурш жьанэм дохьэ; зешэщІри уафэр зэпикІухьурэ мэхьщІэ. Шыму абы кьыщІодэІу къуршхэр. Уэсым исеижа кхъэлъахэщ иджы адэ лъапсэр. Щымщ уафэр. Псэр тёуджьджьхьурэ гъэжалъэм ирелъафэ адэм и бащІтыжкъкІапэр, пхъэІэщэм и вагъэбдзумэр, пщащэ-сабийм и лъы Іэмпіэу гъатхэ уэсэпсым хэжабзэр. КІэзызурэ зеІэт лъэпкъ уэрэдыжьым... МафІэгу кІуатэхэм кьакІэщІиху кІагъэуэ Шэджэмыщхьэ хьэдагъэу щхьэщытщ.

Аддэ зы жьижь гуэрыр кьызэпхетхэри, абы кьыподжэж... Шопен и макъ щыгъуэр. Арщхьэкіэ псори щІиублэракІэу уэрэдыжьым зешэщІыпэри, адрыщІ лъэхэхэу хэхэс егъэзыпІэхэм ящхьэщохьэ. Гъадэ зэпылъыпІэхэр зи лъэсльагъуэу уафэ гъейрэтыр натІэ зыхуэхъуам дамэхэр зэщІех, усэр пыщІыу зеукъуэдийри... нэгъуэщІ гъунапкъэхэм мэлъатэ. МакІуэ выгуэр. МыпІащІэу ар пхырокІ щІымахуэхэм, гъатхэхэм, гъаблэхэм.

Выгур кІуэуэрэ, дзапэ уэрэдыр дохьэж Шэджэм ауэ. ДыкІэлъыхьыхьапсэу Къайсын и усэм зыхуеший пщІащэ щхьэунтІэм къыхэпІъ Мухэл и мыІэрысэ джабэпІъхэм. Дигъэнэщхъейуэ ар ироплъэ и гущхьэ лъапсэр бдзы лъэужьу изыпТІыкІа лъэслъагъуэхэм. Кьурушм ихьэжащи, псэкІэ йодзхащІэ дыгъэм зригъэууэ мывэ джейм тес фызыжьым. Къайсын ещІэ: фызыжьым зызыхишытІэр дыгъэ бзийркъым... гукъэкІыжхэрщ. Апхуэдизрэ гъейрэт кьеъщІэкІа уафэм усэр йолъэІу Іэмал иІэхэмэ, нэхъыбэІуэрэ (!) а нанэр а мывэ джейм тесыну! ЙолъэІу вагъэжам щхьэмыж ящхьэщытыну! ЙолъэІу бзылъхугъэ дахэр жьыгъэм щихъумэну... А лъэлым гущэжьу уэрэдкІэ зыщІиупскІэжурэ Шэджэмыщхьэр пхъэ гущэхэм щегъэудэІу. МэгъаГъэ тхушэ деяфэ. Мэужьгъэ щхьэл. МакІуэ выгур... Мэусэ Къайсын!

КЪАРМЭ Іэсият.

КУЛИЕВ Къайсын

Щ1ым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ
Уафэ хъащхьуэр фщхьэщытыну.
Фыщымыщ1эу дэрэжэгъуэ,
Щ1ылъэ щхъуантІэм фытетыну.

Щ1ым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ:
Жьг зыгъэкІхэм, унэ зыщІхэм,
Гъавэ зыщІэм, Іэщ зыгъэхъуэхэм, -
Берычэтыр зи Іэужьхэм.

Щ1ым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Фэрщ уэрэдкІэ бзум щІагъахъэр.
Псыежэхи псыІэрыши
Фэрщ емышу зыхуэушэр.

Щ1ым щыпсэухэ, фэрщ дыгъэр,
Бзийкіэ гуашэу, кьыщІыкъуэкІыр.
Пшэплъ кьыщІыщІыр,
уэшх кьыщІешхыр,
Щ1ым гъавэщІэр кьыщІыхэкІыр.

Щ1ым щыпсэухэ, гъащІэр фхьыну
Фи щІэщыгъуэр имыкІыхьэу.
Фэрщ зыхуэблэр мази вагъуи,
Щ1ылъэм нурыр кьракІыхьу.

Щ1ым щыпсэухэ, фи насыпыр
КІэншэ хъуну сыфхуохъуахъуэ.
Фи Іэрыкіщ фэ мы щІыгушхуэу,
Гъатхэ хадэу, зэщІэгъагъэр.

Щ1ым щыпсэухэ,
сыфхуохъуахъуэ,
Щ1эуахъэтыншэр фэрщ цІыху гъащІэр.
Хэмылъэтэмэ фи гуащІэ,
ЕкІуэкІынт дунейр кІыфІ защІэу.
Щ1ым щыпсэухэ,
сыфхуохъуахъуэ...

Зэзыдзэкіар
МЫКЪУЭЖЬ Анатолэщ.

НОБЭ

● ♦1520 гъэм Магеллан и псы дажьлІэр зэрыщыІэр къахутащ. Абы и бгъуагъыр километритІрэ метр щитІрэ къудейщ зэрыхъур, ауэ Америкэ Ипщэмрэ Огненная Земля щыналъэмрэ зэпеГъэщхьэхуКІ.

♦1800 гъэм США-м и унафэщІхэм ящыщу япэу Адамс Джон Іэпхъэщ президентхэм я хэщІапІэщІэм - иджыпсту ахэр Уна Хужькъ зэджэм.

♦1857 гъэм Урысейм япэ пощт маркэр къыщыдагъэкІащ. Абы щхьитІ зыфІэт бгъэм и сурэт тетт, и уасэр кІэпІейкІипщІт.

♦1894 гъэм Урысейм и пащтыхь тахьтэр къыльысащ ыкІи зэралым и иужьрей император Николай ЕтІуанэм.

♦1897 гъэм Турин дэт университетым и студентхэм къызэрагъэпэщащ «Ювентус» (Италие) футбол командэр. Иджы ар дуней псом щыщІэрыІуэ клуб лъэщщ.

♦1899 гъэм «Варяг» къуэхьыр тенджызым япэу техьащ.

♦1922 гъэм Налшык парт школ къыщызэІуахащ.

♦1936 гъэм Налшык Урыс драмэ театр къыщызэІуахащ. Абы щхьитІ зыфІэт бгъэм и сурэт тетт, и уасэр кІэпІейкІипщІт.

♦1938 гъэм япэу ягъэунэхуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым щІэрыІуэ дыдэ хъуауэ щыта «Катюша» Іэщэм и къарур.

♦1941 гъэм США-мрэ Канадэмрэ я зэхуакум, Ниагарэ псыкъельэм щхьэщыту, лъэмыж къыщызэІуахащ.

♦1993 гъэм Европэ зэгуэхэныгъэр къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту абы къэрал 27-рэ хохьэ.

♦1998 гъэм «Культура» телеканалым лэжьэн щІидзащ.

♦Дзэ, къэрал кІулыкъущІэ, Урысейм и лъэпкъ лІыхъужь **Пожарский Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 439-рэ ирокъу.

♦Урыс шахматист, дунейм шахматхэмкІэ и 4-нэ чемпион **Алёхин Александр** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Къэрал, жьылагъуэ лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ, УФ-м щыІэ зиІэ и экономист **Гузэвщ1ыкІ Жантемыр** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщеихьынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 2 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ин дыдэхэми надэ къахокІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щыхэплъэжащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІа зэІущІэм

КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ къарузехьэ, хабзэхъумэ, хеящІэ, кІэлъыплъакІуэ, къэпщытакІуэ органхэм я унафэщІхэр зыхэта, илъэсым зэрыщІидзэрэ блэкІа мазипщІым зэфІагъэкІахэм кърикІуахэр щыхэхалъхьэжа зэІущІэ.

АБЫ щытепсэлъыхьащ щІэпхъаджагъэу ялэжьыр, республикэм и гъэзагъэм къыщыхъу насыпышагъэхэр дяпэкІи гъэмэщІэным, наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэгъэкІуэкІыным, налог хабзэхэр къыщызэпаудэ къэмыгъэхъуным пыщІа, нэгъуэщІ Іэхухэмри.

Я нэІэ щІэт Іэнатіэхэм щыщыІэ щытыкІэхэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Махуэ А. Л., къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ Ромашкин И. К., УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Устэ В. Хъ., УФ-м Шынагъэшагъэмкіэ и кІулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Воронин С. В., КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Ташу М. З., КъБР-м и Арбитраж Судым и унафэщІ Кьуэдзокъуэ З. Б., Суд приставхэм я федеральнэ Іэхуэщ Іапіэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Танэ Э. Б., Федеральнэ налог кІулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ КІэраф М. А., «УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэ» федеральнэ кьэрал кІэзонэ Іэхуэщіапіэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Боб-ров Д. А., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Чёрный М. В. сымэ.

ЗэІущІэм къыщыхалъхьащ цІыхухэм лэжьыгъэкІэ яІэ хуитыныгъэхэр къаухэзэгъэпэщыным хэхауэ я нэІэ трагъэтыну, республикэм щыпсэуэхэм зыкъызэрыхуагъаззэкэмрэ я тхъэусыхафэхэмрэ ящыІэныгъэкІэ унафэ пыухыкІа тращІыхьыну, мылъкым пыщІа щІэпхъаджагъэу ялэжьхэр, апхуэдэкэр щІэпхъаджагъэ псоми я процент 46-м щІегъу, зэхагъэкІыну.

Щыналъэм и Унафэщім къыхигъащхьэхуКІащ къэрал кІулыкъущІэхэм, абыхэм хабзэхъумэ Іэнатіэхэм пэрытхэри яхэту, Іулъхьэм пыщІа щІэпхъаджагъэу ялэжьыр кІыщІэгъэщыным гулъытэ хэха хуащІын зэрыхуейр. «Абы икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыныволъэІу апхуэдэ дэтхэнэ къэхъукъащІэми теухуа хъыбарыр икІэщыІпіэкІэ сыыгъэщІэну», - къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу кІигъэлъэгъуащ щІэпхъаджагъэхэм япыщІа Іуэхухэр тэмэму зэхэгъэкІынырэ. «Зэхэзэрыхьа щІэпхъаджагъэхэр щыІэщ, ауэ къэхъуар щынэрылъагъум деж, икІэщыІпіэкІэ унафэ тещІыхьауэ, Іуэхур судым егъэзыхьын хуейщ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ экстремист, террорист шынагъэр дяпэкІи гъэмэщІэным пыщІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КІуэкІуэ Юрийрэ Урысейм Туризмэмкіэ и федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Королёв Николайрэ зэхуэзащ

КІуэкІуэ Юрийрэ Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Королёв Николайрэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ икІи ди щІыналъэм туризмэм адэкІи зыщІегъэужьыным зыщытепсэлъыхьа зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ.

«УРЫСЕЙ Федерацэм къэрал кІуэцІ, къэрал щыІб туризмэм зыщегъэужьын» Зыуэ щыт федеральнэ программэм (2011 - 2018 гъэхэм ятещІыхьам) хэт Къэбэрдей-Балъкъэрым 2014 гъэм къыщыщІидзауэ щагъэзащІэ «Зэрэгъыж» автотурист кластерыр кьызэгъэпэщыныр» инвестицэ проектыр. Ухуэныгъэхэм хухаха щІыналъэм псори зэхэту гектар щэщІ еубыд.

«Иджыри куэд зэфІэдгъэкІыну кьыптэщытщ. Ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ зыщІадзэ Іэхур тэмэму зэфІэдгъэкІыным, 2019 - 2025 гъэхэм ятещІыхьа Зыуэ щыт федеральнэ программэм и проектыщІэм дыхьыхьэнымкІэ Іэмал дгъуэтын папщІэ», - кьыхиГъэщащ КІуэкІуэм.

«Республикэм Іэмалышхуэ дыдэхэр иІэщ. Ар ди нэкІэ тлъэгъуащ. Дэ дыщІаІащ Іэхуэщіапіэм хуэхэа щІыпІэхэм, ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ», - жиІащ Королёв Николай.

ЩхьэхуэУ кьыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэр бюджетым щымыщ зэкІыпІэхэр кІигъэсэбэпурэ инвестицэхэр кьешэлІэным жыджэру зэрелэжьар икІи Урысейм туризмэм зыщегъэужьыным хуэгъэпсауэ ягъэхьэзыр федеральнэ программэм щІыналъэр хагъэхьэнымкІэ ІэмалыфІэхэр зэрирІэр.

КІуэкІуэ Юрий Урысейм Туризмэмкіэ и федеральнэ агентствэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм гулъытэ хэха къызэрыхуащІ, ахуэдэуи экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщ туризм-рекреацэ комплексыр ипэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ щІэгъэкъуэн къахухъуну зэрыхьэзырым папщІэ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ., Іуэхум пыщІа министерствэ, Іуэхущіапіэ хэхахэм я унафэщІхэр, инвесторхэр.

ТЕНДЖЫЗ Ринэ.

Балъкъэр лъэпкъым и вагъуэ 100

ПсэгъэнщI

КЪАЙСЫН усэкIэ зигъэнщIыртэкъыми, сэри усэм сыызIэпригъашэрт. ГукIэ куэд иIыгът абы. ГукIэ ищIэрт Пушкин, Лермонтов, Тютчев, Блок, Есенин, Низами, Фазули, Пастернак, Верхарн... И къуэшхэр зэрицIыхум хуэдэу ицIыхут усакIуэхэр. Ахэр фIыуэ илъагъурт, ирипагэрт. Макъамэтхэку, сурэтыщIкIэу, философ Iущхэу дапхэдиз гурыфIыгъуэу абы иIар! Зэи имылъэгъуэхэм, зыдэмыуэршэрахэм щIалуплъэнур къыхуэмыгъэсу захуигъэхьэзырт Къайсын. Зэгуэр а пIалъэри къэсырти, усакIуэм и псэм зигъэнщIыжырт.

АЙТМАТОВ Чингиз,
Къыргызыым и цIыхубэ усакIуэ.

Дуней гуфIэгъуэ

УЭ ЕЗЫР угуфIэгъуэт, Къайсын! Дуней гуфIэгъуэ. Сэ си щхьэкIэ си гурыфIыгъуэ... Уи щIыэныгъэ жьудейр гухэхъуэт. Уи псалъэр щIым ирокIуэ, цIыхур нэхъыфIым хуигъэIущу. А псалъэр къуалбзуэхэм гъэмахуэ уафэм ирахьэ. Къабзэу, хуиту зэIэпах. Къайсын, фIыуэ узолъагъу. А уздэщыIэ гъунапкъэнщагъэм нэзгъэсыфыну пхузиIэр си лъагъуныгъэм и закъуэщ.

Шэджэм сынэкIуэну сыхуейщ.
Унэжьым сыныщIыхьэнут,
Жьэгу лъахъшэр иджыри дэп пщтырщ -
Пхъэ мафIэр мыужьыхьыжынут...

ДУДИН Михаил,
СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат.

Лъабэдий уэрэдымрэ дамэмрэ

УсакIуэ пщащэ ныбжьыщIэм темыгушхуапэу и япэ лъэбакъуэхэр щищIым. Къайсын къицIыхуат. Иннэ и япэ уэсэ тхылъыр, «Вольный аул» зи фIэщыгъэр, пэублэ псалъэкIэ къызэIузыхари Кулиев Къайсынщ. Абы щыгъуэ Иннэ и ныбжьыр ирикъуат илъэс 16. Пащащэм и макъамэ тыгъэм нэхъри лъагэу зиIэтын папщIэ, Къайсын хуэзфIэкI къигъэнатэкъым - игъэгушхуэу, дэIэпыкъуу, чэнджэщкIэ хуэмыбэлэрыгъуу...

«Сытемыгушхуэт дамэхэр сIэтын
Сигъасэрт сылъэтэфу ди Къайсын!» -
етх Къэшэжым.

1973 ГЪЭМ, КъБКъУ-м и студентхэм яIыщIауэ, Иннэ жиIащ: «Си япэ лъэбакъуэхэр щысчым сакъыхуеплъэкIырт ди лъахэм, ди хабзэхэм. А гъуазэр нэхъри схуауэзэщу кIыссщхьэщытащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ. Зым хуэмыдэжу фIыщIэ лей сыпсэуху хузиIэнчущ Къайсын. Аращ япэ дыдэ зи фIэщ сыхъуар, зи дамэ зызытезгъэщIар. Егъэлеиныгъэ хэмылъу жыпIэмэ: си Iэпэр иIыгъыуэ поэзием лъэбэдийкIэ сыхишащ. Апхуэдэ лъабжьэ Къайсын схуимыгъэтIылъауэ щытамэ, сызэрыщыIэнури нэгъуэщI гуэр къыщIэкIынт.

Сщымыгъупщу сигу илъщ Къайсынрэ сэрэ дапщэрэ дызэхуэзами; сыт зэжетIами сщымыгъупщу сщIыгъущ. Аддэ зы зэман сигъэгушхуэн хьисэпкIэ егъэлеяуэ жьакIуэу си япэ тхылъым хуищIа пэублэ псалъэм щегъэжьауэ, си зы тхылъи дунейм къытехьакъым Къайсын и цIыкIэ - а си щапхъэм, си гъуаэзм и щIыхькIэ - уса хэзмыитхэу. Апхуэдэуи щытынущ сыпсэуху. Сигу илъхьу.

Налшьк пэмыжьжьэу щIыпIэ дахэ гуэрым деж Къайсын балъкъэрыбзэкIэ усэ къыщцIтхуеджэрт. Сынасыпыфрэт сэ! Илъэс 17 сыхъуу, зы псалъэ сымыщIэ балъкъэрыбзэм къыйуатэ гупсысэ-макъамэр фIы дыдэу зэхэсщIыкIыу (иджыри сщIэртэкъым а «зэхэщIыкIым» сызэриубыдыпэнур), апхуэдизэ фIыр зыбгъэдэлъ цIыху пэжым сыпэгъунэгъуу. Сынасыпыфрэт...»

АЙТМАТОВ Чингиз,
Къыргызыым и цIыхубэ усакIуэ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим «Земля добра и винограда» жиIэу 1973 гъэм къыдигъэкIа и тхыльым мыпхуэдэ сатырхэр итщ:

«Уэрэ сэрэ Шэджэмыпс дефат,
Уэ - ищхьэмкIэ, сэрати - нэхъ и лъабжьэу».

КIыщокъуэм, дауи, ищIэрт а сатырхэм ящIэлъ гупсысэм и пэжыр адрейхэм нэхърэ нэхъ кууэу Къайсын зэрызэхищIыкIынур. 1959 гъэм КIыщокъуэм итхыгъат:

«Кулиев Къайсын и зэфIэкIыр апхуэдизкIэ иджыпсту лъэщщи, нэрылъагъущ абы гъуэгуанэ дахэ къызэрыпещылъыр. Къайсын и усыгъэр - балъкъэр лъэпкъыр, иплъэ пэтми, езым игъэщIагъэжу нэхъ ину, нэхъ лъагэу зызрилъагъуэ гъуджэ хьэлэмэтщ. Апхуэдэ зыхэщIэм лъэпкъыр нэхъри егъэгушхуэ. КъызыхэкIа лIакъуэм а жыхуэтIэм ещхь гурыфIыгъуэрэ гукъыдэжрэ езытыфа усакIуэр, шэч хэмылъу, лъэпкъылIщ, лъыкIи псэкIи пыщIащ и кьежьапIэхэм, жыпIэнурамэ, и къуэ нэсщ».

Илъэсищ дэкIауэ ныбжьэгъум и ехъулIэныгъэшхэхэм иригуфIа КIыщокъуэм етх: «Езыр мыинми, егъэлеяуэ щхьэжькIэплъыкIэ балъкъэр литературэм Къайсын и Iыхьэшхуэ хэлъщ, апхуэдэуи увыпIэ щхьэхуэ щиIыгъщ. Ар ещхьщ зи IуфитIым имыхуэжу из хъуауэ къакIуэ къуршыпсым. АпхуэдизкIэ къиуащ а псыри, нэри пэри ихьу ныджэм къыдохьэ. Нэрылъагъущ псым и жапIэри. Абы кьыпэщылъщ совет поэзием и псышхуэм хэхуэжину».

1984 гъэм КIыщокъуэр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ Къайсын и тхыгъэшхэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытехуат. Езыр дунейм екIыжынут, илъэс дэкIмэ... Уэрэ къытегуплIэу Къайсын сымаджэщым щыщIэхуами, япэ зыхьхуишир КIыщокъуэрт... усакIэ. Кулиев Къайсын и автобиографием Iэджэрэ дыщрихьэлIэнущ а лИитIыр ем зэкъуэувэу; зым и фIым адрейр ирипагэу къызэрызэдекIуэкIам. ЛIы нэсым и щэнщ ар.

БАЛЪКЪ Мэлычыпхъу.

Алим и псалъэ

Зыгуэр къызжеIэ

Лъэпкъ Iуэрыlуатэр Къайсын хуэдэу лъагэу зылъыта нэхъапэм срихьэлIатэкъым. Пасэрей уэрэдыжьхэм ар къагъэгумащIэрт.

КУЛИЕВ Къайсын и усэхэм сароплъэри... 1946 - 1965 гъэхэм иусахэр ещхьщ бгым цIыху щыдэкIым. ДокIуей усэр. Хэмурэ нэхъ куу мэхъу. Темыгушхущэу йоувэ, ауэ, итIани, макIуэ. А жыхуэтIэ щытыкIэхэр пасэрей хабзэхэр зи лъабжьэ бгырыс усэм и шыфэлIыфэщ. 1966 - 1973 гъэхэм я усэхэмкIэ дольагъу: нэсащ Iуащхьэ щыгум, итщ къызэринэкIари, адэкIэ къыпэщылъри Iупщу елъагъу. Макъыр хуитщ, шэщIащ. Сабиигъуэм щыщIэдзауэ и нэгу щIэкIар иджы хуиту зэрегъэзэхуэж. «ГукъэкIыжхэм яв мазэбжьэхэр», «Анэм и нур».

АдэкIэ къыпэщылъщ егъэзыхыгъуэри - 1974 - 1984 гъэхэм усакIуэм зыкъызэщIекъуэж, и Iэдакъэщ1экIхэр къеплъытэж. ИщIэ хуэдэщ къыпэплъэри, ар лIы и напэ зэрыхуэфащэу гъащIэр иухыным хущIокъу: дыгъэ къухьэжьыгъуэм къыхуэнэхуа лъагэуныгъэр, дунейм и дахагъэр. Усэхэр ткIийуэ гъэпсащ, образхэр егъэлеиныгъэм хузкIий. «Ахъшэм вагъуэ». Къайсын къызолъэIу и усэхэр (нэхъапэхэм сыкъеджэрт, седаIуэрт) зэздзэкIыну... Гребнев Наум дунейм екIыжат, Коржавин Наум жьыжь щыIэт. Къайсын сымаджэщым щIэлъу къысхуэтхауэ арти, сигуи хэщIырт, зэрыхуэфащэу сыпэмыльэщынкIи шынэ къэсхьырт. ИтIани, къысIэриГъэха сатырщIагъ зэдзэкIахэм Iэмал зэриIэкIэ нэхъ япэгъунэгъуу сщIат Къайсын щIэгъуэва и усэхэр.

Абыхэм Iупщу къахощ усакIуэр къыпэщылъ лIэныгъэм зэрыхущытри, и лIахэм я пащхьэ щихь къалэным зэригъэгупсысэри - «Зэгуэрым гъатхэ сытехьэнукъым». Къайсын къриIуэркъым а цIэр - лIэныгъэр. Псэунугъэм имызагъэ гупсысэхэм Кулиевым яжриIэ хуэдэщ: «Хьэуэ!» Жыгъэуейщ ар. Дэтхэнэрауэ пIэрэ нэхъ гуащIэр? ЛIэныгъэм и хьэкъыр, хьэмэрэ гъащIэм зэрызыщимыгъэнщI нэхъуейр? Япэр нэхъ гъунэгъу къэхъуху, етIуанэр нэхъри IэфI мэхъу! «Жэп».

Сщыгъупщэркъым Къайсынрэ сэрэ Арарат ауэм дыщыкIуар. И ИтIыр IэплIэу иущIауэ, и дзэ хужьыпсэхэр здэгуфIэм къыIупсу, и напIэхэр къриихьэхауэ Кулиевыр къеджэрт Сарьян теухуа усэм. Дуней сыт тетами, а дакъикъэхэм щыгъупщжат усакIуэм. Абы и пэ къихуэу плъыфэхэм, Антонониии и фильмхэм - Струмищэ (Югославием щыщ щIыпIэ) и уафэ плъыфэм я гугъу тщIа къудейт... Блок Александр и «Сольвейг» усэр фIыуэ зылъэгъуар, дауи, «фэзэхъуэкIыу» щытыфынтэкъым...

Сигу къокIыж мыпхуэдэ теплъэгъуи...

Твардовскэр щыщIалъхьа махуэрт ар. Бэным и щхьэр щытраIуIэжым нэсащ, щхьэтепIэр трагъэзагъэ. Кулиевыр, гъуэгуанэ бэн дзакIэр иубыдауэ, къахуIуKIыркъым. Бэнещхьэр хьэлъэщи, Къайсын и Iэр хуищIэу деплъитIэ, егъэуэ, итIани иIыгъщ. Iэджэрэ телъат а дыркъуэр Къайсын и Iэ щIыбым. «Аузым щыIу макъ закъуэ» усэр щыззэдзэкIым зэуэ си нэгу къыщIэувжат «Новодевичье» кхъэм а щыслъэгъуауэ щытат.

«Зыгуэр къызжеIэ, къуэш! Ей! Уэхэсхъым...»

ОГНЕВ Владимир,
критик.



Щымт аузыр

Сэ сыщыIащ Шэджэм ауэым. Япэ ар щыслъэгъуар 1952 гъэрт. Дахэт ар. Кавказым и адрей къуршхэм я жагъуэ сщIну сыхуейкъым - ахэри дахэщ, ауэ Шэджэмым хуэдэ щыIэкъым.

ГЪУЭЖЫБЗЭТ тхушэхэр, дейхэр. Гъуэгуэрт къуршыпсхэр. Уи щхьэр дэунаэзурэ гъуэгур льагаIэм дэпщейрти, къыдрхэм я дурэшым дэкIырт. Къелъэрт шэджэмыпсыр. Ди машинэм къыхуэкIуэу гу къыкъуэкIами, дызэблэкIыфынутэкъым. Ауэ зыми дыIущIэртэкъым. ДыкIуэрт. Щымт аузыр.

1957 гъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрыхъуар щаIэлъапIэм, си ныбжьэгъу Кулиев Къайсынрэ сэрэ Налшык дыщызэхуэзат. ЗэIущIэ дауэдапщэхэр яуха нэужь, Къайсын сригъблэгъат Шэджэм. Абы щыгъуэ сыкIэлъыплъащ Къайсын и цIыху хэтыкIэми, ар и лъэпкъэгъуэм зэрепсалъэми. Къайсын сэ сщIыхуртэкъэ?! ИтIани, езыр а зыхьыхэжа гупым елъытауэ нэхъыщIэ пэт, псори абы къечэнджэщырт. Зэуэ гурыIуэгъуэ хъурт абыхэм си ныбжьэгъум къыхуащI пщIэнэмысыр зыхуэдизыр. Нэхъыжьым хуэдэу, езыми и зыIыгъыкIэр екIут, и жэуапхэр купщIафIэт. Сегупсысащ абдеж а лым и Iущагъыр здынэсым. Къайсын и унэ сришэри сигъэцIыхуат и анэ хьэлэмэтыр. ШхуфIыщэ дригъэфат абы а махуэм! ИтIанэ дэ Шэджэмыщхьэ дыдэкIат. Япэм нэхърэ нэхъ дахэжу сыIуплъэрт ауэым. ЩIалэгъуалэм я макъэрат, е зызыужь гъащIэм и теплъэрат - сытми сщIэркъым апхуэдэу къыщIысщыхьуар. Шэджэм ауэр дунейпсо поэзием хэзышар Къайсынщ. ЦIыхуу щыIэр усыгъэкIэ и лъахэм иригъэблагъэрт абы. Апхуэдэ куэдрэ къэхъуркъым - усакIуэмрэ ар къэзыхъурехь дунеймрэ щызэхэзэрыхь. Мыбдежым къэхъуат-тIэ! Кулиевыр - Шэджэмт; Шэджэмыр - Къайсынт... УсакIуэм и тхыльхэм я дэтхэнэми фыкъеджэт! Абы Шэджэмыр и кIуэцIщ, и жылэщ, и кхъухьгъэщ.

АНДРОНИКОВ Ираклий.
Котляров Виктор и архивым щыщщ.



Дамыгъэхэм щIызгъужынт

ГЪАЩIЭ хьэлъэ къигъэщIащ си ныбжьэгъу Къайсын. Сыт хуэдэ гугъуехь ар хэмылъмами, и напэ Iыхьэ зэи Iэпыхуакъым. Си щхьэкIэ къысхуэщIэжыркъым Къайсын нэгъуэщI усакIуэфIым зэ хуэшхыдаэ е хущIэфыхъуэжаэ.

Пастернак Борис псоми «щауIум» щыгъуэ, Къайсын абы и ныбжьэгъуу къэнэжащ. КъыжьIапхъэщ куэдым а зэманым Пастернак Iумпэм зэращIауэ щытар. НтIэ, сыт хуэдэ цIыхуу ущытын хуей напэ хужькIэ ныбжьэгъур пIыгъын папщIэ?! АркъудеймкIэ нэрылъагъут Къайсын хэлъ цIыхугъэр. ФIыуэ слъэгъуащ сэ Кулиев Къайсын. Ар усакIуэ хьэлэмэту кьанэртэкъым, атIэ фIынущ Батэу зезыхьэ ныбжьэгъу пэжт. Си Iуэху мыщIагъэу усакIуэхэм зыщIымысхьижу ядэIэпыкъурт, зэрыхуэзфIэкIкIэ сом гуэри иIэщIилъхьэрт.

СщIэрт Къайсын зэи утыку укъыззэрыримынэнур. Абы кхыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэм сэ ящIысгъужынт ЛIыхъужьыгъэ Орден.

ЕВТУШЕНКЭ Евгений.

ЩыIэныгъэм и купсэ

КЪАЙСЫН, уэ уи цхьэщыгум щызэIущIэри щызэрыгъуэтащ Кьухьэпlэм и вагъуэри Кьуэкlыпlэм ейри. Уэ дунейм кьытехьэ цIыху закъуэтIакъуэхэу сыт щыгъуи насыпыфIэхэм ущыщщ - гуауэри зыпэмыльэщу насыпыфIэхэм... Уэ пхэлъщ пшынальэм и къуэпс щэщIари шабзэшэм и гъуазэ укъуэдияри. Насыпщ ар. Анэ быдзышэу къыпIухуа а тыгъэр дунейм и сабий сурэтщ. Усабий дыдэу а сурэтым гу хуэпщIри нэхъ нэфIэуфIэу, нэхъ лъэщу иIэм я курыхьр зыщIэпшащ. Апхуэдэ тыгъэм сыт щыгъуи къыдокIуэ напэр, лIыгъэр. Апхуэдэ тыгъэрщ цIыхугъэ лъагэм и мыхьэнэр кьызэкъуэзыхьр. ЩыIэныгъэм и купсэщ напэмрэ цIыхугъэмрэ. Тхьэр зыхуэупса закъуэтIакъуэхэм езыхэми фIыуэ кьагуроIуэж а кьалтысар егъэлеяуэ зэрыщыджащэр...

... Адэ зэгуэр бжесIауэ щытат егъэлеяуэ фIыуэ уэзрысльагъур, си фIэщ узэрыхъур. КIуэцIыркъым а си фIэщхъуныгъэр. Псоми уи гугъу яхуэощI. Есениным и ужькIэ Васильев Павел и деж фIэкIа зэи сыщрихьэлатэкъым а уи натIэм хэплъыхьыпауэ къритха нагъыщэм хуэзгъэдэн. Лъэпкъхэм я литературэхэм ехьэлIауэ си Iуэху еплъыкIэраци... ЩIэуэ абыхэм кьахьихьэ гупсысэхэм зэдзэкIакIуэм е тхыльеджэхэм гу лъатэн папщIэ, Хайям О., Тагор Р. сымэ я усыгъэм дунейпсо поэзиер зэрыхуэныкъуам ещхьу, а гупсысэхэм яхэлъ щIэр лъэщу икIи цIыхур зыхуэныкъуэу щытыпхъэщ.

ПАСТЕРНАК Борис.

Дыгъэмрэ уафэхъуэпскIыымрэ я усакIуэ

КУЭД сцIыхуащ сэ, Iэджи слъэгъуащ, ауэ зэи срихьэлIакъым Къайсын хуэдэу зи хэку фIыуэ зылъэгъуа, Къайсын ещхьу зи лъэпкъ дахэу зыгъэфIа. И зэхэщIыкIым сыкъигъэIэбжьырт. КъызгурыIуэртэкъым, пэжыр жысIэнщи, хамэ гуауэрэ хамэ узрэ апхуэдизу игу щIригъэжалIэр. Си фIэщуи сригузавэрт. ЖесIэрт и щхьэ течауэ: уисынущ мыбы, уихьынущ, тIэкIу зыщцыхьыж! Сэ Къайсын фIыщIэу слъагъурт. Апхуэдэ усакIуэхэр мащIэт. Си ныбжьэгъуфIт ар. Къайсын и усыгъэм нэхъ щысфIэлъапIэр - зэман псоми ар зэрекIурщ, блэкIари къэкIуэнури зэрызыхищIэрщ.

КОРЖАВИН Наум,
зэдзэкIакIуэ.

Ясная Поляна е Тарханы яхуэдэ дыдэу Шэджэм ауэым цIыхухэм лъагъуэ зэрыщыхашынум шэч къытехьэркъым. Сыт щыгъуи щыIэнущ Къайсынрэ Шэджэмрэ я пщIэр. Кулиев Къайсын хуэзфIэкIащ «Шэджэм» псалъэр тхыдэ лъапIагъэхэм яхитхэн. ЗэщIыгъунущ сыт щыгъуи ахэр: Къайсын - Шэджэм - Кавказ. Ахэр лъахэ лъагъуныгъэм и купсэщ.

КУГУЛЬТИНОВ Давид,
Къалмыкъым и цIыхубэ усакIуэ.

КЪАЙСЫН дыгъэмрэ уафэхъуэпскIыымрэ я усакIуэт. Ар нэхут, ткIийт; апхуэдэхэр зэи епцIыжынукъым ныбжьэгъум, лъахэм. ИтIанэ, Къайсын дэхуэхьпIэ ихуа цIыхум сыт щыгъуи зыщIигъэкъуэфырт.

АЛИЕВ Фазу,
Дагъыстэным и цIыхубэ усакIуэ.

ГЪАЩIЭМ и хьэлъэр хуэмыгъэвыж щыхъум деж цIыхур маIэ. Абы лIыгъэ хэлъу аракъым. Нэхъ лIыгъэщ зыжеIэфмэ: «Схуэмыlэтын къыстрилъхьэмэ, абы кIыкIыр лIэныгъэщ. СIэтыфыху - гъащIэщ, араущ щытмэ, си натIэ къритха уэ Iыхьэр нэсхьэсыну си къалэнщ!». Ар зыжриIэжын хуэзфIэкIащ Кулиевым. Арагъэнщ Тхьэми Къайсын щIигъэдэхар.

ИСКАНДЕР Фазиль,
Абхъазым и цIыхубэ тхакIуэ.



Къуршыбгъэ Iуэщхъум и щIэжьыуэ



ЩIыху цэджащэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын Шууа и къуэр къызэралъхурэ нобэ илъэсищэ ирокIу.

Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, жылагъуэ гуащIэлI пэрыт Кулиев Къайсын цIыхуу щыIэм зэдай щIэин кIыртинащ дунейм. Усэрщ ар...

Къайсын и усэхэм эвлъащIыс лIэщIыгъуэхэр, зэхуагъэдахэ лъэпкъхэр, зэрагъэлъытэ динхэр, зэхуагъэIэсэ гукъанэхэр. Абы дощIэращIэ дуней тафэр. Илъэсищэ и пэкIэ а псэ хьэлэмэтыр къызытепса тафэр, апхуэдэу дахэу зыIупльа къуршхэр, апхуэдэу узу ыхуэуса лъахэр!

АдыгэбзэкIэ фи пащхьэ итлъхьэ усэхэр урысыбзэм къитхыжа зэдзэкIыгъэщ. «ЩIхьэж и къис и къисщ», - жи лъэпкъ Iуащыгъэм. ИтIани щэсыпIэ доцвэ: лъахэжь псынэ и Iубыгъуэ зыIухам игъэбзэщхъуэнкъым къуршыбзэ Iуэщхъум и щIэжьыуэри.

ЩIыху лIэщIыгъуэ укъалъхури икIауэ,
Си лъэс лъагъуэ щэ ныкъуэм фIэкIауэ.
СыгъэIуатэ уи усэ, Къайсын!
Уи псэр си бзэ къыслуитIэсын?!
Щэджэмыщхьэ щхьэщыт уи усэпсэр
Лэгъупыкъуу хэзгъашэ Балъкъ псысэм,
Си текъэщIэм къехъуапсэу Къайсын,
Уащхъуэ гуфIэу къыздебжыр ЯСИН.

КЪАРМЭ Iэсият.

Си сабингъуэ лъахэ

Къурш къащхъуэхэр зи куэщI си сабингъуэ,
Иджы симыIэж Iэджэ зэдэщыпсэу!
Уэс лъащхьэхэр щIэщэтрэ жьыр щIэгъуагъуэу
Псы уэрхэр щызэджэ дуней псо!

Къыр нэзхэр зи жьэгу жьантIэу а дунейм
Иджыри хэIэбатэкъым лъпыслъыкIыр.
Иджыри сщIатэкъым а псори щыфI сэтейм
БдзащIэшэ гынкIэ щIыху зэрыщаукIыр.

КъеIакIэтэкъым жьыгъэ си ныбжьэгъухэм
Щыхуабэвэхи, щIыIи - зы гъэщIыгъуэт...
ЩынасыпыфIэт псори а си лъахэм
Уэлбани уэгъуи зыфIэфI жьигъу, зэгъэхэт.

Анэ

Мывалъэ лъагъуэу гъуэгу зэгъуэкIкIэ
И хьэблэ кIуэжу блокI бзылъхугъэ,
Сянэ и Iэплiэр сигу кьигъэкIыу,
Щожей и Iэплiэ сабий дыгъэ.

Бзылъхугъэ блокIыр. Хамэ анэ.
Сыпхырехьжьыр гъащIэ кIыхь,
Мэ гуакIуэ - ятIэу е хъэуану
СфIощI и щыгъынхэм къакIэрих.

Езырщи, гу кьыслъымытэххэу,
Сабийр и бгъафэ щIекъуэзылIэ.
Кьысщохъу дуней лъэпощхьэпохэм
Ящихъумэну ар еIлалIэ.

Жьыжьаплъэм анэр хокIуэтэжьыр.
Дунейрщи, кьокIэрахъуэ пхэнжу,
СфIощI щIым щылъапIэм я нэхъ пажэр
Абы и бгъафэ щыудэIужу.

Ар ес, елыщIыр гузэвэгъуэм,
Къыпэплъэр сыт? Зыхуейр сыт Iыхьэ?
Жьыкъащэ кьокI абы и лъагъуэ,
ЛIэщIыгъуи вагъи лъэкIэ ихьу.

Ар блокI дунейр къызэригъэщIрэ,
И Iэблэ махэ - Iэплiэ лъэщкIэ
А сэ эблиха сабийм ещхьыщэу
ИгъафIэу псэм и щэжьгъэкIэ.

Заудыгъу дунеи, саби, пшэи,
ИрокIуэ анэ! Сэ кьысщохъу:
Лъэ макъыр кIащхьэурэ увыIэу,
Къурш тхъуахэм я щхьэ кьыхуагъэщхъ.

Къурш щхьэл

Фэшхуи птемытрэ, узакъуащэу,
Къурш гъуатIэ-джэплъэм укъыкъуоплъ.
Кудыщэ щIауэ мыбдеж уитщ уэ,
Псы тхъурымбэхум щыму уоплъ.

Зи макъ икIа уи ужьгъэ-джэгум
Илъэсхэр блэкIрэ пэт щIодэIу.
Умывэ купсэщ. Мывэщ уи гур,
Ар, даун, ешу зэи мыщIэу.

Уи нэгу щIакIахэри мэхъу Iэджэ,
Уэгъу пIалъи уан къыпхуихуан...
Гукъеуэ зэи уиIакъым псыкIэ,
АрщхьэкIэ гуэдз ухуэныкъуан...

Къыр джэхухэм лъагэу ящхьэщыкIыу,
Пшэ гуэртэр щатэу блокIуэсыкI.
Уи мывэр псыт-тIэ езыхуэкIыр?
ЛIэщIыгъуэу ари кьыщIэмыкIт!

ЩIымахуи уиIэкъым, гъэмахун...
УщIэшхыдыкIыу уоджэрэз.
ШIэджагъуэ мэхъури - удыгъащхьэщ,
Къихьамэ жащыр - мазэр ищ.

Уэрэду щыIэм я нэхъ дахэр
Уи мывэм дэгуу еукъуэдий:
«Си щIакхъуэ хъерыр ирехъу махъэ,
Зэи мымэжалIэу зы сабий».

* * *

Шэджэмыщхьэ кьиува мазэшхуэр
Си хъуэпсапIэ пасэм хуэдэу щIалэт.

Іыхьэ гуэри сухихат а хъуапсэм,
Арщхьэ натIэм кьритхар... пщIэгъуалэт.

Уоу, хъуапсэнэм езгъэщхъ мазэщIэ,
Уоу, щхьэщыту си Шэджэм, мазэшхуэ!

* * *

Аргуэру дыгъэр, уэздыгъейхэр, бзухэр,
Нэху щащ аргуэру, жащым ар и фIыщIэщ -
Мыгъуагъэ гуэр кьызэрыдэмыкIуар...
Сэ сщIэжкъэ жэщым кьытлъихьэнкIэ хъуну
Хьэзабрэ гуауэу щыIэр щыетар!
Ныжэбэ кIуам мамыру дыжеящи,
Абы и щытхъур сэ хуэсхьынут гъащIэм:
Жэщ итхри, нэхулъэфIым дытехьащи,
Ди мамыр лъахэр зауэм щыхъумащи,
ВакIуэлIир ешри жейм хилъэфжащи,
Напэ текIыгъуэм си псэр щихъумащи...

Жэщ! Уэ Iейкъэ укъытхуэдэлъэжу,
Кьыдэщ1эжтэкъым ныбэ гукъеуэ,

Нэхущ гъуэзым уцыхэгъуэщэжми,
Іуащхьэ щыгум тедие щыхьыщIэу
Иумэзэхэрт дыгъэщIэр уэгу жьауэм.

Жэщ! Тхъэ фIыщIэ. Трелъ ар уи нащIэ:
Къэбгъэхъуакъыми къэхъункIэ хъун фэбжьи,
Я щхьэантIагъэхэр дыгъэм пэщIыпщIу
Тхушэ лъагэхэр щыму зэхэтщи.

ВагъэщIапIэхэм гуэдз кьызэпхокIри,
Гуэвэгъуэхэм си щхьэ пыIуокIри.



* * *

Уэ хэпсаэ тхушэ деифэм
Зиубгъуащ, зиужьащ Iэчлъэчу!
УаукIами, хуоплъыр уи фэеплъым
Мы дунейуэ жьыхьэнэмэкIэр.

Щхьэпэлъагэу а тхушэр хокIыкIыр,
И къудамэхэм пызу тхьэмпэщIэ.
Абы хэплъэуурэ и нэ кьыпхуокIыр
Гъэр гъэм пищэу кьыппэплъэ анэжьым.

Уафэр апхуэдизкIэ купраузщи

ЗыIэзыбжьэу гъащIэр зэрыкIэщIыр
Сыпсэуами, щIэх кьызгурыIуакъым.
Сыщылъар дапщэщми кьысхуэмыщIэу
Зы илъыгъуэ закъуэт бгитI зэхуакур.

Мис иджы уащогъупщэжьр тыншу,
Псым щIэхыщэу уэпырысыкIт.
Уафэр-щэ! Нэр кьиу купраузщи,
Зэ къудамэ маскIэр дэп Iупэпльщ.

Къэмыхъунщ ар зэи - псэ зыгъафIэм
И илъэсхэр щимыгъеижьи -
ПIащIэуурэ кIуэсэж а гъащIэ IэфIыр -
Хьэуэ. Ар зэгуэри къэмыхъун.

КIуащ БетIал и фэеплъ

Жьыгым, гъэгъэну хъуэпсауэ,
Iэ щIыIэ гуэр еIэжт.
Гъатхэм жащ вагъуэ хэпсауэ,
Псынащхьэ бынжэр гъужт.

Къуршым щытхъэж псыпыхум
Зы махуэ закъуэм щенэ.
ЩIыхъэм щхьэмыжь Iэпохурн,
Уэсклэ сэтейр щIегъанэ.
Абгъуэр ебгынэ бгъащхъуэм -
КъыщIтлъыхъуэнур дэнэ?
Шылъэр къунаным щIощхъуэ -
Нимыхьэсат гъуэгуанэ!

Сыт щхьэкIэ? Сыт? Къызжьыэ...
Укъыспэмыплъэфа?

Сыт хуэдэ гуауэр къоIэу,
Дыгъэр ущIильэфа?

Ибэщ, БетIал, уи усэ
ЗдэщымыIуж къурш джащIэр.
Зэ щIэдэIуар уи псысэ
Къыпхуэныкъуэнущ хьщIэу.

Пасэрей лъахэ

Тхыдэжь гуэрэфу фэрэкIыщхьэ лъахэр,
Къелащ. УащIэмыупщIэ къещхьэкIухэм!
Къелащ къызыхуихуауэ зэман Iэлыр -
Шытх дзажэм дыжь бгырыпхыу щIэпха жылэр;
И мывэхэу Iугъуащхъуэм къуфыхьхэр,
И Iугъуэхэу жьыуейм хэмызэрыхьхэр,
Нэхущ пшэкIэпльу ущызэкIэщIэплъхэр -
Я щыпэ хуэдэ, иджыпсту кьыщIэплъхэр
Къелащ...
КIыфI гъуэзым хьхьэжахэр игъеижу -
ЖагъуэIэм IэщIэкIахэр игъафIэжу -
Зэм гъыбзэм, зэм уэрэдым кьызэгуихыу -
Мо зей къудамэм щетIысэх бзу дахэр
Къелащ...
Ахуэдэм деж щIым кьызыпхедэ удзыщIэ
ЩIыпэкI.
УщIэмыупщIэ и щхъуантIагъым!
Мамырщи, кьыпфIэщIыпщ зы лЭщIыгъуипщIым
А лъахэм зауэ гуауэ темыгъуа -
Пащтыхьи хъани шылъэ щIамытхъуа -
И щIыгулъ щхьафэ лъы зыщIимыфа -
И мэзхэр кIагъуэм зэщIимыуфа
КъыпфIощI...
Нэхутхьэхущ мазэгъуэ жэщым Безенги.
Мамыру щIощхьэкъуэу ар уэс щIакIуэм.
Дахащэу толыдыкI Хулам задейр -
Лэдэхыу иIэр Iупщу эжкIэлъокIуэ.
Нэхутхьэхущ...
Псыпсыжу зэщIопщIыпщIэ вагъуэ пэкIу,
Имыщ1 а нурыр гьадэми нэхъ фагъуэ.
Кьыхопльэ нурыбзм гухэлъ Iэфl зэщIан -
Хьэдагъэ нщI пэт уафэм елъэIуан -
Кхъэлъаэхэ динжажэм тегуIан
Кьыхопльэ...
ЛIэщIыгъуэхэм лIэщIыгъуэ кIэлъоп1ащIэ,
ИтIани вагъуэ дэпхэр мэщIэращIэ.
Кьыпщохьу бгым зэи фIыщIагъэ темыхьа -
Лъы бахъэр Іуву зэи щхьэщымыхьа -
ПщIы нупсыжу лIы кьимыкIуэта -
Кьыр блыныр гуэхуу щIыху щIимыIуба
Кьыпщохьу...

УикIыфIкъым. Маблэ, маблэ хьэрш уэздыгъэу
Безенгищхьэ щхьэщымыкI нэхугъэр.
Мэгъагъэ щIы. Іогуфлъыхьжьыр псо.
ЕкIупсу си ШIэджам. И хьэщIэр - щIасэу.
ЗитIыжу сигу а лъахэ гъагъэм ёопльэ:
Сыпсэущ...

УэнIэщ Безенги!
СыпIуоплъэ...



* * *

СынольэIу, Ухущымыехь гъапагъэ,
Хъдачыхи, къет зы дуней фIыгъуэ.
ЩIысхуэхъумэ, щIэтурэ уи жьауэ.
Къет насыпи, кьеты пэ ар мамыруэ,
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэм.

И ныбжьэгъу, жагъуэгъу зэхигъэкIыфу.
МыкIуэу и пэфэл, зэмылъэу и фэ.
Кьыхиха ЭщIагъэр и щIэщыгъуэу.
Псэми пкъыми хьэлъэ ен темыгъэу.
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэм.

Схущыхъумэ бзаджэм, хьэпэщыпхэм,
Бгым и лантIэр, Iэблэхэм я дахэр.
Схущыхъумэ щIым щызекIуэ узэхэм -
ЖьыгIэр пшгъэкIуэт Iэмал щыIэххэм,
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэм.

Дуней къагъэщIыгъуэ фIыми еми
ФIыр хуэзэщыпыкIи пэлъх гуауэр.
МыкIуэщIыжьыи гуащIэ къыщептами,
Нэхур хэлъхьи хуэзэщIэх ар дамэу,
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэм.

Лъэр нэтхуср пIалър кьэIэсамэ,
А къэнэжа мащIэм щхьэщых гуауэр;
Лъапсэ-жьагу и мафIэр хуэбгъэпсамэ -
Си гухэльми хьымыгъэн сыбаеуэ,
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэр.

КхъыIэ, и жьыхъугъуэм кьытумылъхэ
КIыдлъхуэ бын ирихьэхыну мащэ,
ФIэкIыпIэнщэмэ... абы и хьэзаб Iыхьэ
КхъыIэ, сэ сыгъэхь езыр пэIэщIэу,
Си псэм фIыуэ ильэгъуэ бзылъхугъэр.

* * *

Си дзыхь ятелъкъым зи нэжащIэ
Зэи кьыщIэмыхьэхэм псыIагъэ.
Псы пэткIэ - ари мэгумащIрэ
Кьыщеlэм мыл - игу хэщIу магъыр.

Дэ тхуэдэ дыдэу псыр мэхьщIэ,
Игъэупэхуами а кхэхъукъащIэр:
ТекIынщи мылыр, щхьэунтIэу пщIащэ
ЕкIэпщIэм щитIогъэнщ дахащэу.

МыгуIэу тхьэмпэ къыпымыху,
Мыузу гуэмыщIыкI кьудамэ.
Мыл пэт, хьэзабыр телъу мэткIу.
Жэп пыхьэу тохэ удз Iэрамэм.

Си нэгу щIокI - пшапэ зэхэуам
ВакIуэ ешар щIатIыкIыжауэ
Напс пIащэ уэфу кьыIэпыхурн
Гъуэгунапщ1э сабэм хэщэтауэ.

МэкъупIэ пхафэм, фщIэрэ ар,
Удэ имытыжьыр игу кьыщIеуэр?
Хуэлэжа пщIащэм сыт игьейр?
ХьифIадзэжа бзылъхугъэ жейрэ?

Псэ Іуту нэпс щIэзымыгъэкIар
Іущ1эгъу-гушыкъу зымыгъэвахэрщ
И анэм ар хуэгумащIауи,
И кьуэпі гуузу щIилъхьэжауи?

ЩIыху гудзакъэпшэм и фэрыщIыр
Нэхъыфl пхуэхъунум зыщыгIагъэ.
ПлъагъунуI зырикIщ фIыуэ жылэр.
Лъагъуф, пэж жьыIэм, уи гъунагъур.

КъэкIуэнум сыхуоусэ

Адрейхэм хуэдабзэу, сэ си нэ кьыхуокIыр
Зэманхэр зэблэкIмэ, псэукIэу фиIэнум.
Сыхуейт, сыпхыльэту и льэсхэм я кIуэкIэм,
СыфIупльэу, фи дыгъи, ди гъави згъэфIэну.

Сепщ1ыхьтэми хъунут си щIэблэ здэщыIэу
Хамэщ1хэм я тафэ. Арщхьэкlэ гукъинэу
Спкъыпытщ уIэгъэзэхьэм я узыр. Къэсщэ1уу
согъэв аргуэрыжьу блэкIам и кIэхьинэ.

Си жьлэ и закъуэкъым жьхьэр си Iупэу,
ЩIы фIыщIэр щисыжым губгъуэжь сыщIильар.
Уэращ, си лIэужь, пэпэIудзу зэуапIэ
щIалэгъуэр испэжу, щIым силъ щIыхэткIуар!

ХэсщIыкIыркъым батэ бгъэшынуми. СщIэркъым -
дэтхэнэ гъуэгуанэ хэпхыну щхьэ гъуазэу;
Зепхуэну машинэр си нэгу щIэтыхххакъым,
Си щIыхь кьыхэхуакъым зыхуэдэр уи лъапсэ.

Арщхьэкlэ, уи хадэм и бзухэм, сэ сощIэ
уэрэдкIэ бзэрабзэу псэ уэ яIуэтэнур.
Дэр щыгъуэ ещхь дыдэу щхьэмыжхэр Іущащэу,
Уи хьэку щIакхъуэ хуабэм и Iэфl щхьэщытынур.

ХэсщIыкIкъым лъэхъэнэм и лъапIэу флъытэнум,
Дэтхэнэ щыгъынхэм гулъытэ хуэфщIынум.
ИтIани, солъагъур ныса щIэм и нурыр -
ЩIалэщIэм и нитIыр - Іуплъэгъуэм и пщтырыр.

Зэгуэрым фылъатэмэ жыжьэм и вагъуэ,
Нэщхьейуэ нэпльэнущ нэхъыфIу фиIахэр.
КIэлъыплъэр мафIэгум, пыхьэжу гурыгъур -
ди дахэхэм ещхьу - зэгуэр дезыгъэжьахэм.

Зэгуэрым хэхэсым и Іыхьэ къыфлъихьэм,
Лъапсэжьым и жьи фещIыIыхынущ фыIуэщхъуу.
Сабий дыхьэпх макъ фи тхьэкIумэм кьицырхъэм,
Ауз джэрпэджэж къэфлъыхьэнущ, дэ дэщхьу.

Сымыщ1э, сымыщ1э фи дежкIэ нэхъ IэфIыр:
Уэпих пIащэм и джэшыр щхьэгъуфжэм щытечэ,
Хъарбызым и сыхъэр мавсэм щыдэчэ,
Къудамэм и щхъуантIэм щхьэгъуфжэр щиуфэ?

Сыт хуэдэ шабзэщэ уи бий пимылъами,
Щ1рырет, си лIэужь, уи насыпыр абрагъуэу,
Уи уафэр лъащIэхурэ гуэмыхуу уи дамэ -
Уэ ткIыбжьым и зэзым уи нэгу кьыщимыпхъуэу.

Иджы, зы шэч мащIи си гугъэм темыпсэу
СоIущ1, солъэпауэ, згъэщащэу, гурыщхъуэм.
Уи деж, си лIэужь: гъатхэ хьэсэм и къуэпсыр
ЛIэщIыгъуи къурш жьэгъуи напхущхьэщыщэохьэ!

* * *

Зэгуэрым сэри си уахътыр къэсынщи,
СылIэнщ. Ар фIэкIыпIэнпэу ди псэ хьэкъщ.
ИтIани, тещхьэу нэху кьеса уэсыщIэр
Сабийм сырещхьу схуохъур щIэщыгъуэщI.

Зричщ - щIэлъэтрн бзэхыжащ щIалэгъуэр,
Кьару илъыгъуэр кIуасэуэрэ мэкIуатэ.
ИтIани, зыщызгъэнщIкъым и дахагъэ
Мыщэхупщейм кьищIа тхьэмпэ зэкъуэтым.

* * *

Дунейм из гуапэ дыдэкIэ фыIупльэ,
Фи псалъэ гуапэу, фи щIопIэнпс хьэлэду.
ФIыIущIэм дезэ - кьыыпльынщ деладэ,
ЩIыху егъум кьыффIищыпущ-тIэ «пэщихуэ».

Насыпыр зи Iэпэгъур щIыху гуапагъэрщ,
ИкIэм-икIэж Iейм нэхъэрэ фIыр нэхъ лъэщщ.
Дыгъужь лъыпс дзэпкъыр йолIыхьыж и мащэ.
МафIэсыр жьым е псым зэтрауIэфIэж.

Зыгуэрым, фIэфIмэ, иремыщI гудзакъэ,
Іейр зи Іэужь щихъумэ я нэхъ Іейм!
ЩIыхущIэ зиIэр фIыгъэщ зыхущыIэр -
А зырщ дызыщIэлъэIур мы дунейм.

Зэдзэкlакlуэм теухуауэ

Къармэ Іэубэчыр ипхъу Іэсият КъБР-м и Дзэлыкъуэ щIынальэм хьихьэ Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр абы къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым щеджащ. Кафедрэм и аспирантурэм къыщиухащ «Кавказыбзэхэр» и къудамэр.

Іэсият щригъаджащ Къармэхьэблэ дэт езанэ курыт школым, КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и кафедрэм. Ар щылэжьащ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, иджыпсту «Нур» сабий журналым и лэжьакIуэщ.

Къармэ Іэсият усэр псэкIэ къэзыгъэщI бзылъхугъэ усакIуэщ. КIуэцIкIэ имыгъэвауэ, псэкIэ имыгъэщIэрэщажауэ абы зы усэ сатыри итхкъым. Іэсият и псалъэ-сатырхэр игъафIэурэ налъэ-налъэу зэхеухуанэ. И псэр зыхуэзыр - абы дзыхь зыхущIыфынур тхылъымпIэрщ.

● Зи Iэщlагъэм хуэIэкIуэлъакIуэхэр

«Абилимпикс»-м кърикIуахэр

Зи узынщагъэм сэкъат иIэ цIыхухэм я Iэщlагъэкlэ, щlэныгъэкlэ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр къэхутэныжмкlэ, абыхэм я гур утIыпщауэ утыкум ихьэныжмкlэ ядэIэпыкъун мурадкlэ дуней псом щрагъэкIуэкI программэм Урысей Федерацэри хы-хьащ 2014 гъэм. Налшык дэт гуманитар-техникэ колледжым мы гъэм япэу щрагъэкIащ апхуэдэ зэпеуэр - «Абилимпикс» жыхуиIэр.

АБЫ и къызэгъэпэщлкIуэ комитетым и унафэщlу щытащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхухэмкlэ и министр Емуз Нинэ, апхуэдэу чемпионатыр къызэгъэпэщlынымрэ егъэкIуэкIныжмкlэ хуабжьу щlэгъэкъуэн яхуэхъуащ КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщlынымрэ социальнэу ядэIэпыкъунымкlэ и министрствэр, КъБР-м Узынщагъэ хъумэныжмкlэ и министрствэр, республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетыр.

Зэпеуэр Iыхьиблу гуэшауэ щытащ. Массаж щlыныжмкlэ, социальнэ лэжьыгъэ зехьэныжмкlэ, экономикэмрэ бухгалтер Iэхухэмрэ зегъэкIуэныжмкlэ, плиткэ ильхьэныжмкlэ, пщэфIэныжмкlэ, дэн-бзэныжкlэ, автомобилхэр зэгъэпэщlыжныжмкlэ зэпеуэм хэтащ ильэс 14-м щегъэжьауэ ильэс 65-рэ ныбжьыкIэ къриубыдэхэр. Абы жьыджэру хэтащ икIи агъэхьэзырэ проектхэри къыщlагъэлъэгъуащ нэгъуэщlу щlыпIэхэм къикIа ныбжьыщlэхэми. Дэтхэнэ зыми и зэфIэкIхэр хъарзынэу къагъэлъэгъуащ. Къыхэжаныкlаеэм медалхэр, тыгъэхэр, саугъэтхэр хуагъэфащащ. Зэпеуэм хэтахэр, къахьа увыпIэм емылытауэ, лэжьапIэ ягъэувыну къагъэгъуащ икIи сертификатхэр иратыжащ.

- Ахэр къызэрыдгъэгугъахэр дымыгъэззащlэнкlэ Iэмал иIэкъым, сыту жьыпIэмэ, абыхэм нобэ яхуэтщI гулъытэращ мыпхуэдэ зэпеуэм дяпэкlэ къыхьыхьэнухэм я къэкIуэнури зэлъытар. Абы ипкъ иткlэ, ар гъэззэщlа зэрыхъум ткIийуэ дыкlэлъплъыпхъащ, - къыхигъэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокуе Хэзутий.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщlынымрэ социальнэ ядэIэпыкъунымкlэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ Ацкъан Ратмир зэрыжиIэмкlэ, нобэкlэ республикэм их ныкъуэдыкъуэхэм я процент 20-р Iэнатlэ Iутщ. 2020 гъэм ирихьэлIэу апхуэдэхэм я процент 50-м лэжьапIэ къыхуагъуэтыну я мурадщ.

- Къыхэгъэщыпхъащ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм лэжьэну хуэмейхэри зэрахэтыр, Iэнатlэ пэрымыитыфынухэри мащlэкъым. Ауэ, дапхуэдэу щымытми, дэ абыкlэ тлъэкI къэдгъанэркъым икIи ди зэфIэкI псори етхъэлIэнущ хуейкэр лэжьыгъэкlэ къызэдгъэпэщlынымрэ, - жиIащ Ацкъаныим.

- Гукъинэж сщыхъуащ зэпеуэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр. Псом хуэмыдэу ныкъуэдыкъуэхэр зыIуэ лъэпощlэпхэр къызэрызэранэкI щыкIэр. Абыхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха хуэтщlыныр ди зэхуэдэ къыщlанэщ икIи псоми ар дгъэззащlапхъэщ, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Емуз Нинэ.

Ещанэ лъэпкъ чемпионат Мэзкуу щекIуэкIынущ дыгъэгъазэм и пэхэм, абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди командэри.

- Ди командэр а чемпионатым дгъэкIуэн и пэ къихуэу абыхэм хуабжьу ядэлэжьэн хуейщ. Ар Iуэху къызэрыгъэкIкъым. Ар жэуаплныгъэ ин зыпылъ Iуэхущи, ди гур етауэ абы дытемылажьэу хъунукъым, - жиIащ щlыналъэ чемпионатым и унафэщI Абазэ Барэсбий.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Хъыбар гуапэ

Шэджэм щlыналъэм хы-хьэ Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкlэ и «Вагъуэ цIыкIуэхэр» сабий ансамблыр (художественнэ унафэщlыр Къурашэ Эдикщ) пашэ щыхъуащ Сочэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа урысейпсо грант зэпеуэм.

«Вагъуэ цIыкIуэхэр» аргуэру пашэ мэхъу

УРЫСЕЙМ и щlыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм (Москва, Санкт-Петербург, Новосибирск, Севастополь, Самарэ, Омск, Улан-Удэ, нэгъуэщI къалэхэм) щыщ гуп нэхъыфIхэр зыхэта зэхьэзэхуэм къэфакIуэ куэдым я зэфIэкIхэр наIуэ щащlыну Iэмал яIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ абы утыку къыщихьа «Вагъуэ цIыкIуэхэр» сабий ансамблым (ныбжьыщlэ 39-рэ) хъарзынэу зыкъыгъэлъэгъуащ. Абы зэпеуэм къафитI щигъэзэщlащ - Уэркъ къафэмрэ Мэлыхъуэхэм я къафэмрэ.

Нартан къуажэм икIа къафакIуэ ныбжьыщlэхэм я зэфIэкIым куэд дихьэхащ икIи Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. Концертым кърихьэлIаеэр абыхэм хагъэгъуэзащ адыгэ къафэ гъуазджэм и дахагъэм, и мыхьэнэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэмрэ къафэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэм.

Зэпеуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, наIуэ къэхъуащ Нартан къуажэм и «Вагъуэ цIыкIуэхэр» сабий ансамблыр абы пашэ зэрыщыхъуар. Ансамблым къыхуагъэфэщащ щlыхь тхылъым и япэ нагъыщэмрэ кубокымрэ, ахъшэ саугъэт щхьэхуэр. Къищlынэмыщlауэ, ар ирагъэблэгъащ щlымахуэм и кIэхэм Дыгъэмыс щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтыну.

Къурашэ Эдик зэрыжиIэмкlэ, къыхуагъэфэща ахъшэ саугъэтыр трагъэкIуэдэнущ гупыр зыхэтыну зэхьэзэхуэхэм зыхуэгъэхьэзырыным, утыку зэрит фащэхэр зэрахъуэкIыным.

- Фестивалхэм мыхъуу, зэпеуэхэм нэхьыбэу дызэрыхэтынырщ сыт щыгъуи дызыхъущlэкIр. Абы ныбжьыщlэхэм Iэмал кърат я зэфIэкIхэр къапщытэжину, нэгъуэщlхэм ехьэхуэну, - жеIэ Къурашэ Эдик.

Гупым щыщ язныкъуэ ныбжьыщlэхэр къафэ гъуазджэм хуабжьу дихьэхащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэсих зэрыхъурэ ансамблым зэхьэзэхуэ Ныр Эвелинэ и гъащlэр къафэншэу и нэгу щхьэхуэщlэгъэхьэркъым.

- Къафэм и мызакъуэу лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ дыхуагъасэ, - жеIэ Амщокъуэ Идар.

Ансамблым хэтхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ къэфакIуэхэм я екъулIныгъэ зи фIышlэу къалъытэр я унафэщI Къурашэ Эдикщ. Ар и къару емыблэжу тхьэмахуэм плIэ сыхьэт щырыщlкIэ къызэрыщlэхэм ядолажьэ. Апхуэдэ Iэхъу бгъэдыхьэкIэм кIуэкIауэ щlыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм гупыр мызэ-мытIэу адрейхэм зэрыщlефэкIа.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Налшык

Сыт жармыкIэм къыпэплъэр?

Экономикэ зыужьынигъэхэмкlэ, потребительскэ рынокымрэ хьэрычэтыщlэ Iуэхур ядэIыгъыныжмкlэ департаментым и унафэщI Ащхъуэт Ислъам зэрыжиIамкlэ, Абхъазым и утыкум щlэбэт, тхьэмахуэ махуэхэм щыIэхьихьэ жармыкIэм мыгувэу унафэ пыухьикIа тращlыхьынущ.

КъАЛАПЩЭМ щыпсэухэр тыншу щыщlахуэ бззэр цIыкIум сытри щагъуэт, уасэхэри егъэлеякъым. Арщхьакlэ хуэмурэ къыкъуокI гу зылъытапхъэ Iуэхугуэ зыбжанэ. Жармыкlэм къекIуалIэ сатуущlэм я бжыгъэр мэбагъуэ. Нэхъапэм ахэр 500-м къыщlыувыIэу щытамэ, иджы къахъхуэ зэпытщ. Абы къыхэкIыу увыпIэхэр зэпаубыду хуежьащ. Къимыдэкlэ, пуду къэзыщlэху, нэхъ лъапIэу зыщlэж хьэрычэтыщlэхэр мыбы къеуэсащ, жармыкlэр зи дждэкъаз зезыхуэ, зи хадэм илэжьыхьыж къуажэдэсхэм папщlэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытар ящlэ пэтми, ерыскъыжкIэкIэм хуэхаха жармыкlэм щlадзауэ къокIуалIэ хьэпшып цIыкIуфэкIуэр, щыгъыныгъуэхэр зыщэнуэрэ. Аращ зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр щыIэн щыхуейм и щхьэусыгъуэр.

Ащхъуэтым зэрыжиIамкlэ, ерыскъы къабзэ жармыкIэм сыт щыгъуи къэзышэхэм увыпIэ нэхъыфIэр иратынущ, сондэджэрхэм бззэрым къытрашэхэм яIыгъыпхъэ дэфтэрхэм ткIийуэ кIэлъыплъынущ. Абы къикIащи, жармыкIэм ишэн зиIэ хуажаздэсым и Iэхур даIыгъынущ.

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ.

ЗэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэ

Москва ВДНХ-м щекIуэкIащ къэрал шынагъуэншагъэр къызэрэзэпэщlынымкlэ Iэмэпсымэхэм я дунейпсо выставкэ «Интерполитех-2017» зыфIащар. Абы хэтащ КъБР-м щlэ УФСИН-м тезырхэр щапшыныж и Iуэхущlапlэхэр.

«Возможности промышленного сектора УИС» гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэм щlыналъэ 75-м я УФСИН-хэм утыку къыщlрахьащ я Iуэхущlапlэхэм къыщlыщlагъэкIыфхэм щыщхэр.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м выставкэм щигъэлъэгъащ Iэдакъэщlакlыу 100-м щIигъу, тезырыр зыпшыныжхэр лэжьыгъэм щыхагъэзагъэ центрхэм щагъэхьэзырауэ. Абы хеубыдэ дакIуэхэм я Iэдакъэщlэкlхэр, псэуалъапхьэхэр, ерыскъыхэкIхэр, унэлъащlэхэр, хьэкъущlкъуэр. Хьэщlэхэм ирагъэлъэгъуащ тутнакъэм я Iэкlэ ящlа мастэIудэналъэхэр, шахмат зэрыджэгу пхъэбгъуэхэмрэ нардхэмрэ. Я теплъэкlэ, зэрынэщlысамкlэ псоми къахэщlырт пхъэм къыхэщlыкIахэр.

Республикэм тезырхэр щрагъэпэщlын и Iуэхущlапlэхэм «Интерполитех-2017» утыкум щагъэлъэгъуам щыщ гуэрхэри ящlащ, сом мелуан 45-рэ мин 600-рэ и уасэ продукцэ хурагъэшэну зэгурыIуэныгъэхэр зэращlылIащ.

ЗЭБАР Мадинэ.

● БэнэкIэ хуит

Ильэс пщыкIух иримыкъуахэм я зэпеуэм

Мэзкуу пэмыжыжьэу щыIэ Чеховэ къалэм щекIуэкIащ ильэс пщыкIух иримыкъуахэм бэнэкIэ хуитымкlэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭМ крихьэлIат Урысей Федерацэм и бэнакIуэ ныбжьыщlэ нэхъ лъэщ дыдэхэр. Абы дыщэ медалитIэ зы жэзрэ ди щlалэхэм къыщlахьащ.

Килограмм 32-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм и хьэрхуэрэгъу псори щlыхигъэщlащ Жыласэ Рустам. КIэух зэIущlэм абы 6:3-уэ щыхигъэщlащ Ямало-Ненецкэ автономн округым и щlыхьыр зыхъумэ Магомедов Рабадангаджи.

Тембот Ахьмэд-Хъан щlынэхъыфIащ килограмм 85-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм. Абы и къыпэлъэщlын и хьэрхуэрэгъуэхэм къахэкIакъым.

Дыжьын медалыр зэхьэзэхуэм къыщlылъэсащ Мэкъуауэ Астемыр. Ар щыбэнащ килограмм 58-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм.

ТЕМЫР Дисанэ.

Жыджэрагъ яхэлъакъым

«Армавир» (Армавир) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Армавир. «Юность» стадион. Жэпуэгъуэм и 29-м. Цыху 800 еплъащ.

Судьяхэр: Веселов (Мэзкуу), Хатуев, Талаев (тIыри Грознэм щыщщ).

«**Армавир**»: Матюшэ, Мирошниченкэ (Кайтов, 90+3), Гаджибеков, Соболь, Соловьёв, Клопков, Суханов (Падерин, 83), Лусикян (Георгобиани, 90+2), Поляков, Сафин (Мустафаев, 61), Жданов (Синявский, 64).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Лелюкаев, Муслуев, Шахтиев, Абазэ, Магомадов (Михайленкэ, 57), Каркаев (Мэзышкъуэ, 72), Миронов, Медников (Ахриев, 85), Гугуев (Алиев, 85), Лупи.

Топхэр дагъэкIащ: Поляковым, 27 (1:0). Мустафаевым, 84 (2:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Лелюкаевым, Муслуевым, Падериным.

Джэгум къыхахуащ Лелюкаевыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъэм ящlыщ зы «Армавир»-м «Спартак-Налшыкыр» иригъэблэгъащ ди щlалэхэр къэралым и кубокым ипкъ иткIэ щыIэ зэпеуэм Мэзкуу и «Спартак»-м щыдэджэгуа иужькIэ. Дауи, чемпионым зэрыпэщlэтам налшыкдэсхэм къаруушхуэ трагъэкIуэдат икIи абы къыхэкIыу жыджэрагъ щlагъуэ яхэлъыжакъым.

Хэгъэрейхэм зэрахабзэу, армавирдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэмкlэ джэгур ирагъэжьащ. Арщхьакlэ абыхэм я фейдэ къыщlыкIар 27-нэ дакъикъэращ. Шахтиевым япэ Поляковыр топым нэсри, бжыгъэр къызэIуихащ.

Загъэпсэхуну икIыным нэблэгъаеуэ «Спартак-Налшыкым» зыкъыщlзэкъуикъыфар. Медниковыр и къару къызэрихькlэ гъуэм лъэщу еуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар зымащlэкlэ хуэзакъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэми нэхъыбэрэебгъэрыкIуар зэхъэрейхэращ. 56-нэ дакъикъэм Поляковым етIуанэ топри къыхудигъэкIыфынут, арщхьакlэ Абазэм къызэтригъэувыIащ. КъыкlэлъыкIуэу Щоджэным налшыкдэсхэр къригъэлащ.

Зэлущlэр иухыным дакъикъипщl къэнэжауэ ди гъуащхьэхъумэхэм ящlыщ Лелюкаевым етIуанэу судьям дагъуэ къыхуищlащ икIи джэгум къыхихуащ. ГурыIуэгъуэт абы иужькIэ зы очко закъуэ нэхъ мыхъуми къригъэлыну «Спартак-Налшыкым» и дежкlэ зэрымытынущ. Апхуэдэу щыт пэтми, Лупым Iэмал хъарзынэ къыхукъуэкIат. Ислъам, гъуащхьэхъумэхэр плIэкlэ иригъэкIуэтэкIри, хэгъэрейхэм я штрафнойм яфIэхащ икIи лъэщу гъуэм еуащ. Аргуэрыжьри, топыр абы хуэзакъым.

Мыгувэу «Армавир»-м и текIуэныгъэр щIигъэбыдащ. Щоджэным къигъэлъеижа топым Мустафаевыр япэу нэсри, бжыгъэр игъэбзэгъуащ. Адэкlэ псори гурыIуэгъуэт.

ЗэрытекIуам и фIыгъэкlэ «Армавир»-р пашэу къэнэжащ. Арщхьакlэ абы «Iэфыпсыр» къызэрыкIэрыхур топ дагъэкIахэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытымкlэщ. «Спартак-Налшыкыр» аргуэру зы увы-плIэкlэ къекIуэтэхащ.

Иджы щlыгъуэзэ фыхуэтщlынщ «Ипщэ» гупым и мужьщ щызэхэта джэгугъуэм къриIуэ бжыгъэхэм. Мис аращ: «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:1**, «**Академия**» (Дон Iус Ростов) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **3:0**, «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:1**, «**Кубань-2**» (Краснодар) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Легион Динамо**» (Мохъэчкъалэ) - **0:0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:1**, «**IэфIыпс**» (IэфIыпс) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **2:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» щэкIуэгъуэм и 4-м иригъэкIуэжкIынущ. А Армавир ди щlалэхэм кърагъэблэгъэнущ Дон Iус Ростов и «Академия» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«**Армавир**»	**15**	**12**	**2**	**1**	**34-8**	**38**
2.	«IэфIыпс»	15	12	2	1	25-7	38
3.	«Краснодар-2»	15	9	2	4	30-14	29
4.	«Черноморец»	15	8	2	5	21-13	26
5.	«Чайка»	15	7	5	3	16-9	26
6.	«Биолог-Новокубанск»	15	8	2	5	18-14	26
7.	«Академия»	15	6	4	5	15-19	22
8.	«Легион Динамо»	15	6	3	6	15-14	21
9.	«Анжи-2»	15	5	5	5	18-16	20
10.	«Дружба»	15	6	2	7	14-24	20
11.	«Ангушт»	15	5	4	6	15-23	19
12.	**«Спартак-Налшык»**	**15**	**4**	**6**	**5**	**19-16**	**18**
13.	«Анжи-2»	13	4	3	6	18-17	15
14.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	15	3	4	8	10-15	15
15.	«Спартак-Владикавказ»	14	2	3	9	10-24	9
16.	«Кубань-2»	14	2	0	12	10-31	6
17.	«Динамо-Ставрополь»	14	0	3	11	14-38	3

● Футбол

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Гъэпщlакlуэм зеумысыж

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм и лэжьакIуэхэм къыщlагъэщlащ ерыскъыкъэкIэр щэным пыщlа Iуэхущlапlэхэм я зым щызэрахьа гъэпщlагъэр.

2017 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 17-м Iуэхущlапlэм телефонкIэ piсэна цIыхубзым жиIащ езыр Ставрополь крайм щыIэ щlакхъуэ гъэжьапIэм и лIыкIуэу, ахъшэр иужькIэ къаритыжыну арэзы хъумэ, я деж хьэжьигъэ зыщlащтэну. ЗэгурыIуэри, цIыхубзым Налшык къалэ дэт предприятэм и гъэтIылъыпIэхэм щIишащ сом мини 172-м щIигъу и уасэ (хьэпцIий хьэжьигъэрэ кIыгъу къэп 220-рэ).

Полицэм и къапэ управленэм и полицейскэм шэч зыхуащlыр яубыдащ. Ар илъэс 35-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзщ, абы илэжьамкlэ зиумысыжащ.

Идыгъуам щыщу къэнар къытрахыжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтри, цIыхубзым хуагъэуващ щlыпIэр имыбгынэну.

И чэзум упшынмэ нэхъыфIщ

Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 20 - 26-хэм къриубыдэу гъэзугум зэрыщызекIуэ хабзэр 14285-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къыдэныуэ тралъхьащ сом мелуани 9-рэ мини 193-рэ. А маухэхэм къриубыдэу япшынащ сом мелуани 5-рэ мин 278-м щIигъу, тралъхьам и процент 57,4-р.

ФИГУ къэдгъэкIыжьинщи, къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур Суд приставхэм Iэрагъэхьэнущ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкlэ игъэбагъуэ е сыхьэт 50-кlэ цIыхур игъэпажьэ.

Къуэдыр птелърэ-темыльрэ яхъщlыщlэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, мы телефонхэмкlэ: **8 (8662) 495-551, 495-586, 495-565.**

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ШIхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныжмкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтчэтым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэтуятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящlащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.417● Заказ №1379